



Office of Temporary and Disability Assistance

ANDREW M. CUOMO
Gouvènè

MICHAEL P. HEIN
Komisè

BARBARA C. GUINN
Komisè Egzekitif Adjwen

Enstwiksyon pou Operatè Etablisman Ki Ap Bay Lojman pou Moun ki Sanzabri yo ak Lojman Ki Bay Sipò yo, oswa Òganizasyon Ki Ap Fè Referans pou Etablisman sa yo

**Liy Asistans 24 sou 24, 7 jou sou 7 Depatman Sante
Eta New York la: 1-888-364-3065**

Enfòmasyon Jeneral

Depatman Sante Eta New York la (New York State Department of Health, NYSDOH) ap siveye ak anpil atansyon yon epidemi maladi respiratwa ki koze pa epidemi kowonaviris (COVID-19) ke yo te detekte pou premye fwa Vil Wuhan, Pwovens Hubei, an Chin epi ki kontinye ap pwopaje. Peyi Etazini te rapòte premye ka ke yo konfime kòm pwopagasyon de yon moun a yon lòt ak viris sa a nan dat 3 mas 2020 epi yo te konfime ka yo nan Eta New York.

Epidemi kowonaviris lan ka lakòz sentom respiratwa ki ka lejè oswa grav yo tankou:

- Tous
- Lafyèb
- Pwoblèm respiratwa (souf koupe)
- Pnemoni

Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) kwè nan moman sa a ke sentom yo ka parèt nan yon peryòd soti 2 jou oswa jiska 14 jou apre yon moun fin ekspeze a viris lan.

Moun ki santi sentòm yo e ki ka te vwayaje nan zòn ki konsène yo oswa ki ka te an kontak ak yon moun ki te vwayaje nan zòn sa yo ta dwe rele pwofesyonèl swen sante yo a alavans anvan yo prezante yo an pèsòn pou pran tretman.

Sitiyasyon an ap chanje rapidman. Tanpri konsilte sit entènèt NYSDOH lan regilyèman <https://health.ny.gov/diseases/communicable/coronavirus/> ak sit entènèt [Epidemi Kowonaviris CDC a](#) pou kapab jwenn dènye enfòmasyon yo.

Objektif: Dokiman sa a ap bay enstwiksyon konsènan COVID-19 pou etablisman ki ap bay lojman pou moun ki sanzabri yo, lojman ki bay sipò yo, ak òganizasyon ki ap fè referans pou etablisman sa yo. Dokiman an ap bay enstwiksyon sou mezi prevansyon ke moun ka pran yo pou evite transmisyon COVID-19 ak pwotokòl jesyon moun ke yo konnen oswa ke yo sispèk ki gen COVID-19, oswa ki anba ankèt pou COVID-19 yo. Enstwiksyon sila yo baze sou dènye rekòmandasyon ke CDC ak NYSDOH te fè pou prevansyon pwopagasyon maladi epidemi kowonaviris 2019 (COVID-19) la ak jesyon Moun Ki Anba Ankèt yo (Persons Under Investigation, PUIs). Etablisman rasanbleman yo, tankouabri pou moun ki sanzabri yo, espesyalman an danje pou gen pwopagasyon maladi transmisib yo akoz kantite moun ki ap viv tou pre youn ak lòt. Operatè etablisman yo dwe pran mezi pou kapab

minimize risk yon pwopagason COVID-19. Tanpri revize enfòmasyon sa a ak lidèchip ak pèsonèl pwogram ou an epi fè nenpòt ajisteman ki nesèsè yo nan politik ak pwotokòl pwogram ou an.

Yo ankouraje etablisman yo tou pou yo kontakte Depatman Sante lokal yo a pou yo ka jwenn enstwiksyon adisyonèl sou COVID-19.

Dokiman sa a kouvri domèn sa yo:

- A. Afhichaj nan Etablisman an
- B. Ijyèn pou Pèsonèl ak Rezidan yo
- C. Netwayaj Etablisman yo
- D. Pwotokòl Evalyasyon Rezidan yo
- E. Lòt Mezi Pou Nou Pran Pou Preparasyon
- F. Plis Enfòmasyon ak Resous

A. Afhichaj nan Etablisman an

Yo konseye founisè yo pou yo bay epi [poste materyèl edikatif yo](#) pou kapab ankouraje epi edike rezidan ak pèsonèl yo. Materyèl yo sigjere yo gen ladan yo:

<https://health.ny.gov/publications/13067.pdf>

<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/downloads/2019-ncov-factsheet.pdf>

<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/downloads/2019-ncov-factsheet-sp.pdf>

<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/downloads/2019-ncov-factsheet-chinese.pdf>

B. Ijyèn pou Pèsonèl ak Rezidan yo

Tout rezidan yo, pèsonèl ak volontè yo ta dwe:

- Lave men yo ak dlo ak savon pandan omwen 20 segonn oswa itilize yon dezenfektan pou men yo si pa gen savon ak dlo ki disponib. Nou ta dwe lave men nou regilyèman avèk dlo ak savon pandan omwen 20 segonn:
 - Anvan nou manje;
 - Apre nou fin etènye, touse, oswa mouche nen nou;
 - Apre nou sot nan twalèt;
 - Anvan ou manyen manje;
 - Apre nou fin manyen oswa netwaye sifas ki ka kontamine yo; epi
 - Apre nou fin itilize ekipman nou pataje ant nou yo tankou klavye ak souri òdinatè yo.

Si pa gen savon ak dlo ki disponib, itilize dezenfektan pou men ki abaz alkòl. Yon granmoun ta dwe toujou sipèvize moun ki ap itilize dezenfektan pou men ki gen alkòl yo.

- Pratike bon jan ijyèn respiratwa yo:
 - Kouvri bouch nou ak yon moucha oswa fant bra nou lè n'ap touse oswa etènye; epi
 - Jete mouchwa ki sal yo imedyatman apre nou fin itilize yo.
- Evite kontak ak moun ki malad.
- Evite touche je, nen ak bouch ou avèk men ki pa lave.
- Netwaye epi dezenfekte souvan bagay ak sifas moun manyen souvan yo (gade anba la a)

Founisè yo ta dwe asire yo ke pèsònèl ak volontè yo pran fòmasyon sou pratik ijyenik ki apwopriye yo. Itilize [Ekipman pou Pwoteksyon Pèsònèl \(Personal Protective Equipment, PPE\)](#) ki apwopriye si yo te mande sa. Tanpri remake ke lè nou p'ap bay swen dirèk yo rekòmande pou nou pran prekosyon goutlèt ak kontak yo pou evite pran COVID-19. Pou pasyan sa yo ki ap resevwa sèvis swen sante dirèk yo tanpri refere yo a <https://www.cdc.gov/infectioncontrol/guidelines/isolation/>.

Yo ta dwe ankouraje pèsònèl yo rete lakay yo lè yo malad.

C. Netwayaj Etablisman yo

Netwaye epi dezenfekte souvan bagay ak sifas moun manyen souvan

yo. Netwayaj Regilye yo:

Sifas atè ak sifas ke moun manyen souvan yo ka rezèvw pou patojèn yo, sa ki ka lakòz yon tansmisyon pèmanan pou lòt moun. An konsekans, pou mikwo-òganis patojenik ki ka transmèt maladi apati kontak endirèk yo (transmisyon apati sifas ki kontamine yo), nou ta dwe pran prekosyon ekstra ak sifas ke anpil moun diferan manyen pi souvan yo. **Nan kad pratik kontwòl enfeksyon estanda yo, yo ta dwe kontinye fè netwayaj regilye yo.**

Netwayaj regilye nan etablisman rasanbleman yo gen ladan yo:

- Netwayaj sifas moun manyen anpil yo ke anpil moun diferan manyen yo, tankou bouton limyè yo, ranp yo ak pòtye/manch yo.
- Pase mòp pou pousyè ak dlo yo oswa pase machin otomatik pou netwaye atè yo.
- Pase aspiratè nan antre yo ak nan kote ki gen anpil sikilasyon yo.
- Wete fatra.
- Netwaye twalèt yo.
- Netwaye bouch ayerasyon pou chalè ak lè kondisyone yo.
- Netwaye tach ki nan mi yo.
- Netwaye tach ki sou kapèt yo.
- Retire pousyè ki sou sifas orizontal yo ak sistèm ekleraj yo.
- Netwayaj tout sa ki tonbe atè a yo.
- Netwayaj ak lesiv regilye kote moun yo dòmi.

Kote espesifik ki an gwo danje nan yon etablisman rasanbleman mande pou yo fè netwayaj ak dezenfeksyon lè yo gen yon ka COVID-19 ki konfime nan etablisman an.

- Kèk egzanp de lokal sa yo ka gen pami yo:
 - Estasyon Premye Swen / Biwo Sante
 - Netwaye epi dezenfekte manto pou sante yo regilyèman (chak fwa yo fin itilize yo)
 - Kouvri tab tretman yo epi itilize pwotektè pou zòrye yo
 - Jete oswa lave kouvèti yo apre chak itilizasyon

Ki mezi Etablisman Rasanbleman yo nan Eta New York ta dwe pran pou viris COVID-19 la?

Kounye a:

Etablisman yo ta dwe mande pèsònèl yo kontinye fè netwayaj regilye yo. Kote espesifik ki an gwo danje yo mande pou yo fè netwayaj ak dezenfeksyon yo yon fason regilye.

Si yon moun ke yo konfime nan laboratwa kòm yon moun ki gen COVID-19 te prezante sentom yo nan yon etablisman rasanbleman:

Yo ta dwe fè netwayaj ak dezenfeksyon nan tout zòn nan.

- Espas Kantin yo
 - Netwaye epi dezenfekte kontwa yo, tab yo, ak chèz yo regilyèman (omwen yon fwa pa jou)
- Lòt espas komen yo, ki enkli espas kote timoun yo jwe. Pòte atansyon sou atik ki gen plis pwobabilite pou yo gen kontak souvan ak moun yo tankou jwèt oswa liv plizyè moun itilize yo.
- Lòt Sifas Ke Moun Manyen Souvan yo
 - Netwaye epi dezenfekte sifas ke moun manyen souvan yo yon fason peryodik selon jan konsiderasyon fonksyonman yo pèmèt, ki kapab fèt omwen yon fwa pa jou.

Netwayaj ak Dezenfeksyon:

Netwayaj yo ap retire jèm bakteri yo, salte ak kontaminasyon yo ki sou sifas oswa bagay yo, pandan ke dezenfektan yo ap touye jèm bakteri yo ki sou sifas oswa bagay yo. **Si yon moun ke yo konfime nan laboratwa kòm yon moun ki gen COVID-19 te prezante sentom yo nan yon etablisman rasanbleman, pèsònèl yo ta dwe fè netwayaj ak dezenfeksyon kote moun manyen souvan yo nan espas la.**

Etap 1: Netwayaj: Toujou netwaye sifas yo anvan nou itilize dezenfektan yo pou kapab redwi salte epi retire jèm bakteri yo. Salte ak lòt materyèl sou sifas yo kapab redui efikasite dezenfektan yo. Pou konbinezon pwodwi ki ka alafwa netwaye epi dezenfekte yo, toujou swiv enstwiksyon ki nan etikèk espesifik pwodwi yo pou ka asire ke ou itilize yo yon fason ki efikas.

Etap 2: Dezenfeksyon: Nou dwe fin fè netwayaj espas ki gen salte yo anvan nou fè dezenfeksyon yo pou asire efikasite pwodwi dezenfektan yo. Depatman Pwoteksyon Anviwònmanal Eta New York (New York State Department of Environmental Conservation, NYSDEC) te kreye yon [lis pwodwi](#) ki anrejistre nan Eta New York ki koresponn a yon lis pwodwi ke Ajans Pwoteksyon Anviwònmanal (Environmental Protection Agency, EPA) te idantifye kòm pwodwi ke yo ka itilize kont COVID-19. Si pwodwi sa yo pa disponib, dezenfekte sifas yo apati itilizasyon yon dezenfektan ki anrejistre nan EPA ak DEC* epi ki gen etikèt ki di ke yo efikas kont rinoviris ak/oswa kowonaviris moun yo. Si pwodwi komèsyal sa yo pa disponib, ou kapab itilize tou yon solisyon dlo javèl klorin 2% tou nèf (anviwon 1 kiyè dlo javèl nan 1 ka dlo). Prepare solisyon dlo javèl la chak jou oswa jan sa nesèsè.

- Nou dwe swiv enstwiksyon ki nan etikèt yo lè nou ap itilize dezenfektan yo pou asire ke nou byen touye viris nou sible yo. Sa gen ladan tan kontak ki apwopriye yo (sa vle di, kantite tan ke yon dezenfektan ta dwe rete sou sifas yo pou yo ka efikas), ki ka varye ant senk a dis minit apre yo fin aplike yo. Dezenfektan ki vini nan fòm sèvyèt yo pral make tou tan kontak ki efikas nan etikèt yo.

Egzanp kote ke moun manyen souvan yo nan etablisman rasanbleman yo:

- Biwo ak chèz yo;
- Tab ak chèz yo;
- Pòtye yo ak manch pòt yo;
- Ranp yo;
- Lavabo ki nan kwizin ak nan twalèt yo;
- Sifas aparèy menaje;
- Bouton limyè;
- Telekòmand yo;
- Telefòn piblik yo;
- Biwo yo pataje yo; ak
- Klavye ak souri òdinatè yo pataje yo.

Remake: Klavye òdinatè yo difisil pou netwaye akòz espas ki ant touch klavye yo ak sansibilite materyèl li yo akòz dlo. Lè plizyè moun sèvi avèk yo, yo ka kontribiye a transmisyon endirèk. Kote ki gen òdinatè pou itilizasyon kominotè yo ta dwe mete siy ke yo poste konsènan ijyèn apwopriye pou men yo anvan ak apre yo fin itilize òdinatè yo pou ka minimize transmisyon maladi yo. Epi tou, konsidere itilize kouvèti klavye yo pou pwoteje materyèl lan kont dlo ki tonbe yo epi fasilite netwayaj.

- Pou dezenfektan ki vini nan fòm ki konsantre yo, li enpòtan pou pèsònèl yo swiv enstwiksyon yo ak prekosyon pou kapab fè konsantrasyon dilye ki nesèsè pou ka byen touye viris nou siblè yo. W'ap jwenn enfòmasyon sa a nan etikèt pwodwi yo.

Netwayaj ak dezenfektan yo ta dwe fèt pa pèsònèl ki te pran fòmasyon sou jan pou yo itilize pwodwi yo nan yon fason ki sekirize epi ki efikas. Pèsònèl yo ta dwe sonje pou yo asire ke yo aplike pwosedi pou itilizasyon ki sekirize epi efikas pou tout pwodwi yo. Pèsònèl yo pa bezwen mete pwoteksyon respiratwa pandan ke yo ap netwaye. Enstwiksyon sekirite yo mansyone nan etikèt pwodwi yo epi yo gen ladan ekipman pou pwoteksyon pèsònèl (sa vle di, gan yo) ke yo ta dwe itilize. Mete tout gan ki itilize yo nan yon sachè ke yo ka mare fèmèn anvan yo jete yo ak lòt fatra yo. Lave men yo ak dlo ak savon pandan omwen 20 segonn imedyatman apre ke nou fin retire gan yo oswa itilize yon dezenfektan pou men ki gen alkòl yo si pa gen savon ak dlo ki disponib. Yo ta dwe itilize savon ak dlo si men yo sal yon fason vizib.

*Yo pa pral mete anrejistreman NYSDEC la sou etikèt pwodwi dezenfektan yo. Ou ka jwenn enfòmasyon sou anrejistreman pwodwi dezenfektan yo nan NYSDEC sou paj: <http://www.dec.ny.gov/nyspad/products>. Si ou gen nenpòt kesyon sou anrejistreman pestisid NYSDEC yo, tanpri rele Biwo Jesyon Pestisid (Bureau of Pesticide Management) NYSDEC a nan 518-402-8748.

D. Pwotokòl Evalyasyon Rezidan yo

Nou ta dwe evalye tout rezidan aktyèl yo ak tout nouvo rezidan potansyèl yo nan enskripsyon yo pou kapab detèmine si nou ta dwe pran mezi espesyal anvan admisyon yo, lè nou ap itilize twa kesyon sa yo:

1. Pandan peryòd 14 jou ki sot pase la a, èske ou te vwayaje nan yon peyi ki afekte (li lis nou an)? (Ou kapab jwenn yon lis aktyèl ke CDC te pibliye pou kote ki gen yon [Seleksyon vwayaj nivo 2 oswa 3 ki an rapò ak COVID-19 nan lyen sa a](#));
2. Èske ou te gen kontak ak nenpòt moun ki anba ankèt yo pou COVID-19 oswa moun ke ou konnen ki soti nan yon peyi ki afekte (menm lis ak sa ki nan kesyon 1 an) pandan peryòd 14 jou ki sot pase la a, OSWA ak nenpòt moun ke ou konnen ki gen COVID-19?; epi
3. Èske ou gen nenpòt sentom enfeksyon respiratwa (tankou, tous, gòjfèmèl, lafyè, oswa souf koupe)?

Si moun nan reponn "Wi" pou kesyon 1 oswa pou kesyon 2 a, men "Non" pou kesyon 3: Kontakte NYSDOH (1-888-364-3065) pou kapab jwenn plis enstwiksyon. Si yo konseye moun nan mete tèt li an karantèn, chèche yon lokal ki apwopriye pou moun sa a nan etablisman an oswa etablisman altènatif.

Si moun nan reponn "Non" pou kesyon 1 oswa pou kesyon 2 a, men "Wi" pou kesyon 3: Kontakte NYSDOH (1-888-364-3065) pou kapab jwenn plis enstwiksyon. Si yo konseye moun nan mete tèt li an karantèn, chèche yon lokal ki apwopriye pou moun sa a nan etablisman an oswa etablisman altènatif.

Si moun nan reponn "Wi" pou kesyon 1 oswa 2 a, EPI tou "Wi" pou kesyon 3:

- Bay yo yon mask epi mande moun sa a(yo) mete mask la.
- Si etablisman an gen yon klinik medikal ki ouvri, eskòte moun nan dirèkteman nan klinik lan.

- Izole moun sa a nan yon chanm, ak pòt yo fèmen si sa posib. Kontakte NYSDOH (1-888-364-3065) pou jwenn plis rekòmandasyon, ki enkli transpò pou ale nan etablisman medikal rekòmande yo si sa nesèsè. Nou ta dwe enfòmasyon pwofesyonèl medikal ki ap resevwa yo ak transpòtè yo a alavans sou enkyetid potansyèl pou COVID-19.

Ogmante Distans ant Moun yo

Lè sa posib, bay distans adisyonèl pou kapab mete distans ant rezidan yo. Lè sa posib, mete gwoup oswa fanmi yo nan chanm endividyèl oswa nan espas ki separe yo nan etablisman. Met kabann yo yon fason tèt yon moun ap nan direksyon pye yon lòt moun, epi ogmante distans (de preferans 6 pye) ant kabann yo, lè sa posib.

Chèche mwayen pou kapab ogmante distans ant moun yo lè yo ap manje. Pa egzanp, ogmante distans ant chèz yo ak tab yo. Repati orè manje yo pou kapab redwi kantite rezidan ki ap manje an menm tan, nan mezi sa posib. Sèvi manje ki tou vin nan pake yo oswa manje ke travayè sèvis alimantè yo te bay lè sa posib, kontrèman a sèvi pwòp tèt yo. Bay espas pou moun lave men yo ki gen sèvyèt yo ka jete, oswa papyè pou men ki gen alkòl yo, pou moun itilize anvan yo antre nan liy pou al pran manje yo. Lè sa posib, fè pèsònèl yo raple rezidan yo pou yo lave men yo anvan yo manje.

Etablisman yo ta dwe chèche mete distans sosyal adisyonèl tankou nan redwi gwo gwoup pèsònèl oswa rezidan yo.

E. Lòt Mezi Pou Nou Pran Pou Preparasyon

An plis de eseye epi anpeche pwopagasyon maladi a, etablisman sa yo ta dwe prepare tou pou yon pandemi posib.

- Asire nou ke etablisman an gen pwodwi netwayaj yo ki deja disponib.
- Swiv enstwiksyon Depatman Sante a pou fè netwayaj nan etablisman medikal rasanbleman yo.
- Edike pèsònèl ak rezidan yo sou jan maladi respiratwa a pwopaje, epi bay yo enfòmasyon sou pi bon pratik yo pou asire ke maladi a pa pwopaje.
- Mete yon plan an plas pou pwoblèm mank pèsònèl yo - anpil anplwaye ka tonbe malad oswa pa kapab vin nan travay yo.
- Nou dwe genyen yon apwovizyonman konpleman alimantè ki ka konsève ki deja disponib.
- Si posib, chwazi yon chanm nan yon etablisman pou moun ke yo te dyagnostike kòm moun ki gen COVID-19 yo.

F. Plis Enfòmasyon ak Resous

- Sit Entènèt COVID-19 Depatman Sante Eta New York la: <https://www.health.ny.gov/diseases/communicable/coronavirus/>
- Sit Entènèt Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo (Centers for Disease Control and Prevention): <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/>
- [Kontwòl Bazik pou Enfeksyon yo](#)
- [Lave Men yo: Men Ki Pwòp Ap Sove Lavi](#)
- [Pratik Kle pou Kontwòl Enfeksyon Depatman Sante Eta New York yo nan Etablisman Swen Medikal ki gen Pasyan Ki Entène ak Pasyan Ki Pa Entène yo](#)
- <https://www.cdc.gov/h1n1flu/guidance/emergencyselters.htm#b>